DEPATMAN DETA NYS - DIVIZYON SÈVIS LISANS

PRATIK ESPESYALITE ZONG
LIS SA W GEN POU W FÈ POU PWOSEDI EGZAMEN YO.

Egzamen sa a dire apeprè 1 3/4 èdtan. Chak pwosedi gen yon tan presi jan sa mansyone pi ba a; yo pral demontre pwosedi sa yo sou pwòp men ou (maniki debaz sèlman) ak yon mannken men ou dwe bay. Egzaminatè a ap pale pou bay enstriksyon anvan demonstrasyon chak pwosedi. Yo prevwa yo pral pratike sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout egzamen sa a annakò avèk lwa ak règleman Eta Nouyòk sou amelyorasyon aparans.

Preparasyon Espas Travay la (10 minit)
5 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Premye pati Egzamen Pratik Espesyalite Zong lan se preparasyon espas travay ou a. Ou pral kòmanse prepare sak ou a pou fatra ki pou jete yo epi dezenfekte espas travay ou a. Apre sa, ou ka mete materyèl ou yo pou maniki debaz la. Lè w fini, tanpri chita epi tann plis enstriksyon an silans. Ou gen 10 minit pou w konplete pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

1) **Kandida a abiye ak yon chemiz oswa yon wòb pwòp epi li mete soulye fèmen ki kouvri tèt pye l. Li rale cheve a dèyè epi mare l lwen figi a si l long ase pou deranje ak pwosedi yo***
2) **Yon solisyon dezenfektan EPA apwouve (ka sou fòm likid, espre, ti sèvyèt mouye, elt.); pwodui a nan anbalaj orijinal li, ki gen etikèt sou li epi li aplike pou kouvri tout sifas espas travay la epi espas travay la byen seche (ou ka itilize sèvyèt papye oswa sèvyèt) anvan ou kontinye**
3) **Tache yon sachè plastik, ki manke 'disposables' 'pou jete' sou kote espas travay ki toupre a e yo itilize l pou jete materyèl pou jete yo ki sal pandan pwosedi dezenfeksyon an**
4) **Sèvyèt maniki ki apwopriye (fòk ou itilize yon sèvyèt tab; ou ka ajoute sèvyèt PST pi devan nan egzamen an jan pwosedi yo mande sa) epi li byen plase nan sant tab la (Remak: Sèvyèt la ta dwe kouvri espas travay ki anba men mannken an; si yo mete sèvyèt papye sou sèvyèt tab la, li dwe separe de woulo a**
5) **Yo respekte règleman sekirite ak kontwòl enfeksyon yo pandan tout aspè netwayaj espas travay la**

REMAK: ***Yo retire demonstrasyon pwosedi ekspozisyon ak san nan egzamen an. Si w blese tèt ou pandan egzamen an, yo atann pou w suiv pwosedi ki apwopriye pou ekspozisyon ak san.***

Maniki debaz ak preparasyon pou lòt pwosedi (15 minit)
17 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Pwochen pati egzamen an se maniki debaz la ak preparasyon pou lòt pwosedi yo. Ou pral fè maniki a sou pwòp men w; si w alèz ak men dwat, li rekòmande pou w fè maniki a sou men goch ou e si w alèz ak men goch, fè l sou men dwat ou. Ou pral kòmanse dezenfekte tou de men w yo. Apre sa, bay tout zong lan men w pral fè maniki yo fòm. Lè ou fin bay fòm nan, ou pral tranpe menm men an. Apre sa, adousi chè nan men ki te tranpe a epi pouse chè yo dèyè. Apre sa, tann plis enstriksyon. Ou gen 15 minit antou pou w konplete pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

1) Aplikan an bay tout **materyèl ak zouti** maniki debaz ki nesesè pou konplete pwosedi sa a, epi yo parèt **pwòp, ijyenik epi an bon eta pou travay***

2) **Aplikan an dezenfekte men l ak yon dezenfektan ki gen 60% alkòl oswa plis (sou fòm likid, kim, ti sèvyèt mouye, elt.)**

3) Aplikan an ap bay zong li fòm soti nan yon bò men l rive nan lòt bò a, l ap lime soti nan kwen deyò rive nan sant chak zong; li fè mouvman yo avèk dousè epi fiks; li PA al twò fò; plak zong lan PA limen pandan l ap bay fòm nan.
4) Tout senk zong fini yo lis, san pati ki tchake; tout senk zong fini yo gen yon fòm simetrik epi yo gen menm fòm ak longè.
5) **Yo prepare yon bòl pou met dwèt yon fason ijyenik** avèk kantite dlo ki apwopriye a (avèk oubyen san savon); yo byen pozisyone men kandida a nan bòl pou dwèt la.
6) Apre w fin tranpe men an, siye l byen avèk yon sèvyèt pwòp.
7) Mete bagay pou fè chè yo mou yon fason ki ijyenik (pa egzanp, avèk yon espatil, yon aplikatè koton ki fèt ak bwa zoranj) epi aplike l sou chak zong men w pral fè maniki dlo a, an direksyon chè zong lan epi kouvri tout kote ki nesesè yo.
8) Kenbe bagay pou pouse chè a byen epi pouse chè yo dousman soti nan plak zong lan; PA koupe chè yo.

“Kounye a, ou pral fè masaj nan men ak bra men ki te tranpe a. Ou dwe demontre omwen yon minimòm de mouvman masaj. W ap kontinye masaj la jiskaske yo di w pou w kontinye. Epi ou pral retire tout fim ki sou zong men w epi flite zong sa yo ak yon antiseptik pou zong. Apre sa, poli zong yo nan men ki te tranpe a pou fè l klere, epi poli oswa siye pousyè sou twa zong men mannken an ki pral resevwa pwosedi avanse pou retire sa k klere. Apre sa, ou ka mete nenpòt materyèl ou pa bezwen ankò la epi prepare materyèl pou pati aplikasyon pwent ak papye nan egzamen an. Ou ka vide dlo a soti nan bòl pou w met dwèt ou a nan sèvyèt ou itilize ki nan sak sèvyèt pou jete w la. Lè w fini, tanpri chita epi tann plis enstriksyon an silans."

9) **Aplikan an mete losyon masaj oswa luil sou men l** yon fason ki ijyenik (pa egzanp, spatil, boutèy pou peze).
10) Aplikan an sèvi ak pwòp men l pou fè mouvman masaj yo (sou pwòp men l ki te resevwa maniki dlo a sèlman) epi li fè tout mouvman yo dousman (sou sifas la sèlman).
11) Yo demontre omwen de mouvman masaj diferan sou men yo ak bra yo pandan youn a de minit antou.
12) Yo retire tout fim nan sou zong yo ak chè yo avèk yon ti sèvyèt ki pa gen pousyè oswa yon aplikatè koton ki fèt ak bwa zoranj epi ki gen pwodui pou astrenjan.
13) Yo itilize tanpon ki gen twa bò (oswa lòt tanpon apwopriye) pou poli zong men yo te fè maniki a ak dlo a pou fè yo briye; kenbe tanpon an yon fason apwopriye pou fè mouvman yo soti nan baz rive nan kwen lib la tankou yon "X"; polisaj pa fò pou pa lakòz malèz akòz friksyon/chalè.
14) Polisaj la fè senk zong ki te resevwa maniki dlo a briye.
    →*<u>REMAK</u>: Kounye a, men mannken an pral itilize pou rès pwosedi yo.*
15) Yo itilize yon lim/abrazif mwayen/fin pou retire briyans nan twa zong men mannken an ki pral resevwa pwosedi avanse yo; yo pa itilize okenn gwo presyon pandan pwosedi a pou retire sa k ap briye a.
16) Yo aplike antiseptik pou zong yo yon fason ijyenik (swa yo flite l dirèkteman sou zong lan epi siye l, oswa yo aplike l sou yon ti sèvyèt epi yo aplike l) apre yo fin poli l.
17) Yo respekte sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout aspè pwosedi maniki debaz la.

Aplikasyon ak Fòm Pwent (15 minit)
15 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:

"Pwochen pati egzamen an se aplikasyon ak fòmasyon pwent lan. Ou pral chwazi epi aplike de pwent zong sou nenpòt de dwèt ki gen pwent nan men mannken an. Ou ka chanje fòm pwent yo pou yo konfòme yo ak gwosè zong mannken w lan. Pwent zong yo DWE kouvri omwen mwatye plak zong mannken an. Kou w fin aplike pwent yo, fè l menm jan epi fin bay chak pwent fòm. Lè w fini, tanpri chita epi tann plis enstriksyon an silans. Ou gen 15 minit pou w fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a".

1) Aplikan an bay tout **materyèl ak zouti** pou pwent zong ki nesesè pou konplete pwosedi sa a, epi yo parèt **pwòp, ijyenik epi an bon eta***

2) Men mannken an gen twa zong ak pwent ki mezire yon maksimòm 1/8 pous lib epi ki byen plase (nan limit do zong mannken an).
3) Aplike pwent yo nan yon ang 45 degre epi peze yo byen di men dousman sou zong lan pandan apeprè 10 segonn jiskaske yo byen fiks.
4) Pwent yo kouvri mwatye plak zong lan

5) Pwent yo byen ajiste zong yo soti nan yon bò rive nan yon lòt epi yo pa kouche sou okenn pati nan po a.
6) Fòm chak pwent konfòm, oubyen yo modifye l kòrèkteman pou l konfòm, ak zong natirèl la.
7) **Gaye kòl la sou plak zong lan oswa byen sou zong lan yon fason ki ijyenik** (sèvi ak pwent veso a, baton bwa zoranj, oswa pwent ekstansyon an); aplikan an gen kontwòl total sou lakòl la pandan chak aplikasyon (lakòl la PA degoute, PA tonbe sou chè oswa po kliyan an oswa kandida a, jwenti yo PA twò plen ak kòl)
8) PA gen tach blan oswa ti boul lè sou okenn nan pwent yo.
9) Pwent zong yo byen koupe, soti bò kote ak yon gwo tay zong, oubyen sou fas a yon tay pou koupe pwent.
10) Pwent zong yo limen nan yon mouvman efikas ale vini
11) Lè w ap melanje chak pwent, kenbe lim nan plat sou plak zong lan pou PA domaje plak la.
12) Apre w fin melanje chak pwent, pa gen okenn kouti vizib ki prezan; ou PA itilize yon pwodui melanj likid.
13) Pwent fen yo lis san arebò ki dantle, ki gen yon fòm simetrik epi yo gen menm fòm ak longè; yon arebò lib ki rete ant ¼" ak ½"
14) Yo aplike antiseptik pou zong yo yon fason ijyenik (swa yo flite l dirèkteman sou zong lan epi siye l, oswa yo aplike l sou yon ti sèvyèt epi yo aplike l) apre yo fin poli l.
15) **Yo respekte sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout aspè pwosedi aplikasyon pwent lan.**

Aplikasyon Papye (20 minit)
11 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Pwochen pati egzamen an se aplikasyon papye a ki gen ladan aplikasyon papye swa ak fib vè sou de zong ki gen pwent. Ou pral kòmanse koupe tou de bagay pou vlope yo nan fòm debaz ou bezwen yo epi aplike yon bagay pou vlope sou yon zong. Pandan premye bagay ki vlope ap seche, aplike bagay pou vlope an fib vè a. Ou DWE itilize yon aktivatè pandan pwosedi fib an vè a. Ou PA gen dwa itilize aktivatè a pandan pwosedi vlope swa a. W ap fini pati sa a nan egzamen an lè w bay fòm epi poli tou de zong ki vlope yo. Lè w fini, tanpri chita epi tann plis enstriksyon an silans. Ou gen 20 minit pou w fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

1) Tout **materyèl ak zouti aplikasyon** vlope ki nesesè pou konplete pwosedi sa a se aplikan an ki bay yo epi **yo parèt pwòp, ijyenik epi an bon eta pou yo fonksyone***
2) Toude twal yo koupe nan lajè ak fòm apeprè plak zong lan anvan aplikasyon an.
3) Pandan tout aplikasyon yo, se sèlman kouch mens tep ki aplike sou tout sifas zong yo, soti nan sant lan rive nan kwen lib la, avèk pwent aplikatè a; tep la PA dwe rive sou chè oswa po kliyan an oswa kandida a nan okenn moman pandan aplikasyon an.
4) Yo mete toude twal yo byen sou zong yo (avèk dwèt, pens oswa selofàn) epi yo koupe twal anplis la apeprè 1/16 pous soti nan kote yo ak kwen lib la.
5) Yo itilize aktivatè a SÈLMAN pandan aplikasyon fib vè a; aktivatè ki aplike a se menm sistèm ak rezin/tep ki itilize a.
6) **Lè w ap aplike aktivatè a pandan w ap vlope fib vè a, kenbe l nan yon distans ki apwopriye dapre enstriksyon fabrikan an epi PA sèvi avè l twòp; pandan w ap itilize aktivatè a**
7) Toulede bagay ki vlope yo byen kole sou zong lan; anbalaj yo pa leve nan zong lan epi yo lis, san yo pa chifonnen ak okenn ti boul lè.
8) Yo itilize yon lim/tep ki apwopriye (mwayen epi ki fen) pou fòme epi amelyore zong ki vlope yo; yo itilize lim yo san danje.
9) Yo itilize yon polisaj ki gen twa bò ak/oswa lwil youn apre lòt sou zong yo pou pwodui yon gwo briyans; yo PA itilize polisaj la tèlman fò pou l chire epi febli bagay ki vlope a.
10) Yo aplike antiseptik pou zong yo yon fason ijyenik (swa yo flite l dirèkteman sou zong lan epi siye l, oswa yo aplike l sou yon ti sèvyèt epi yo aplike l) apre yo fin poli l.
11) **Yo respekte sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout aspè pwosedi aplikasyon pou vlope a.**

Aplikasyon Akrilik (30 minit)
18 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Pwochen pati egzamen an se aplikasyon akrilik la ki gen ladan yon aplikasyon akrilik ki gen fòm ak yon sèl koulè sou yon fòm. Zong ki gen fòm nan dwe yon aplikasyon akrilik ki gen fòm ak yon sèl koulè; ou dwe itilize yon sistèm akrilik ki pa gen sant, ki pa gen MMA pou pwosedi sa a. Kòmanse mete nenpòt materyèl ou pa bezwen ankò nan twous ou a epi prepare materyèl akrilik ou yo. Apre sa, w ap prepare pwodui likid ak poud ou yo epi aplike premye baz sou rès zong ki nan men mannken nan. Ou pral resevwa pwosedi sa a si sistèm akrilik la egzije sa. Si sistèm akrilik ou a pa mande pou itilize yon premye baz, ou dwe demontre aplikasyon premye baz la sou youn nan zong ki pa t resevwa pwosedi avanse yo. Mete fòm sou zong akrilik yon sèl koulè a sou yon fòm. Retire kouch fòm nan ak kouch inibisyon an (kouch ki kole a) epi bay zong ou mete fòm sou li a fòm. Poli epi mete luil sou zong akrilik la epi prepare espas travay la pou aplikasyon vèni an. Lè w fini, tanpri chita epi tann plis enstriksyon an silans. Ou gen 30 minit pou w fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

1) Tout **materyèl ak zouti aplikasyon** akrilik ki nesesè pou konplete pwosedi sa a se aplikan an ki bay yo epi **yo parèt pwòp, ijyenik epi an bon eta***
2) Yo vide pwodui akrilik likid ak an poud nan de resipyan separe san yo pa koule epi yo itilize kantite ki apwopriye pou yon zong; **si sistèm nan mande pou yo itilize yon premye baz, yo itilize premye baz la ak moderasyon epi li pa touche po kliyan an** * *(Remak: Yo p ap itilize yon premye baz si sistèm nan pa egzije sa.)*
3) Fòm zong pou zong ou bay fòm nan byen ajiste anba kwen lib la, nivo ak zong natirèl la, epi li PA koupe nan po a.
4) Yo fòme ti boul, boul mwayen ak boul gwo gwosè ki apwopriye lè yo tranpe bwòs la nan likid, epi nan poud; tout boul akrilik yo gen yon konsistans ki apwopriye pou yo kole sou bwòs la/pa tonbe sou bwòs la lè w ap pote bwòs la sou zong lan.
5) Y ap mete boul akrilik yo sou bò lib pwent zong lan epi travay yo soti nan arebò lib la pou ale nan direksyon do zong lan; boul akrilik ki vin apre yo ap travay soti nan sant zong lan pou ale nan direksyon bò kote yo ak chè a.
6) Lè w ap travay akrilik, ou kenbe bwòs la paralèl ak pwent lan epi ou tape l olye de kout bwòs.
7) **Pwodui akrilik la PA rive sou chè oswa sou po a.**
8) **Kenbe resipyan pwodui akrilik likid ak an poud yo kouvri lè w pa itilize yo.**
9) W ap retire fòm nan sou zong ki gen fòm nan sèlman apre w fin verifye si zong lan byen sèk (remak: li fè yon klik, yon son vid lè yo tape l ak manch bwòs la).
10) Retire kouch inibisyon an (kouch ki kole a) epi rafine zong lan (remak: se sèlman yon lim ou ka itilize; ou PA ka itilize alkòl ak asetòn)
11) Itilize yon lim/abrazif ki apwopriye (mwayen apre sa fen) pou bay fòm epi fè zong akrilik la swa; **itilize lim yo san danje**
12) Tout sifas zong ki fini an lis, san boul oswa krèt epi li pa gen okenn arebò ki tchake.
13) Zong ki fini an pi mens nan direksyon chè a, kwen lib la ak arebò a pou yon aparans natirèl (koub-c).
14) Zong ki fini an simetrik epi li gen menm longè ak fòm ak de lòt zong ki vlope yo.
15) Apre aplikasyon lwil la epi yon ti polisaj, itilize yon polisaj ki gen twa bò ak/oswa lwil yon apre lòt sou zong lan pou pwodui yon gwo briyans; PA itilize polisaj la tèlman fò pou l chire epi febli zong lan.
16) Pousyè ak kras yo ap retire/netwaye ak yon antiseptik ak yon ti sèvyèt ki pa gen pousyè anvan yo kontinye ak aplikasyon kitèks la.
17) **Aplike antiseptik pou zong yo yon fason ki ijyenik** (swa w flite l dirèkteman sou zong lan epi siye l, oswa ou aplike l sou yon ti twal pou zong epi yo aplike l) apre w fin poli l; jete pwodwi a byen.
18) **Respekte sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout aspè pwosedi aplikasyon akrilik la.**

Aplikasyon ak Netwayaj Kitèks (15 minit)
8 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Dènye pati egzamen an se aplikasyon kitèks ak netwayaj. W ap kòmanse aplike yon kouch baz, de kouch vèni wouj, ak yon kouch anlè sou twa zong ki te resevwa pwosedi avanse sou men mannken an. Pandan w ap aplike vèni an, asire w ou retire nenpòt vèni ki rete sou po a oswa kote ki gen chè a jan sa nesesè. Lè ou fin aplike kitèks la, netwaye espas travay ou a epi ranje tout materyèl yo. Lè w fini, tanpri chita epi tann plis enstriksyon

an silans. Y ap di w kilè ou ka kite espas travay ou a, epi lè yo kite w ale, y ap pèmèt ou jete sak pou jete w la lè w ap soti nan sal egzamen an. Ou gen 15 minit pou w fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a".

1) Tout **materyèl ak zouti aplikasyon** kitèks ki nesesè pou konplete pwosedi sa a se aplikan an ki bay yo epi **yo parèt pwòp, ijyenik epi an bon eta pou yo fonksyone***
2) Aplike vèni an ak kouch mens, inifòm ak yon minimòm kou (3-5) kòmanse nan sant zong lan; travay soti nan chè a rive nan kwen lib la.
3) Yo te itilize pwodui vèni yo nan bon lòd sou men ki te gen maniki ki byen fèt la (kouch debaz, de kouch koulè, ak kouch anlè a).
4) Kitèks la pa touche po a oswa chè a, oubyen si l touche l, retire ak yon aplikatè koton ki gen bwa zoranj lan, se **PA avèk dwèt**
5) Zong ki fini yo pa gen ti boul lè, liy, boul oswa tach vèni ki rate akoz move aplikasyon.
6) Pa gen kitèks ki rete sou po a oswa sou chè yo lè w fin aplike kitèks la.
7) **Tout materyèl ak zouti yo anbale epi trete byen (mete zouti ki kontamine yo nan veso pou bagay ki "sal" la epi yo mete materyèl pou jete yo nan fatra oswa yo retire yo nan lokal egzamen an pou jete apre sa) epi yo kite espas travay la ak zòn nan pwòp e byen ranje.**
8) **Respekte sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout aspè pwosedi aplikasyon kitèks la.**

BAY KANDIDA YO LÈ YO PRALE:

Mèsi paske w te vini. Y ap avize w pa imèl kou rezilta egzamen w yo disponib. Ou dwe konekte sou kont sou entènèt ou a pou w wè rezilta w yo anba seksyon Egzamen an. Si w reyisi egzamen jodi a epi ou deja reyisi egzamen ekri a, w ap resevwa lisans ou pa lapòs. Si w echwe egzamen jodi a oswa ou bezwen pran egzamen ekri a, w ap oblije pran yon randevou epi peye pou pwochen egzamen w lan sou entènèt. Bòn chans!